



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIKSÈ PREMYE ANE PLAFON EVALYASYON TÈ AGRIKÒL

Ane pase agrikiltè yo te peye \$11 milyon mwens nan evlyasyon tè agrikòl yo

Endistri a salye efò Gouvènè a pou kreye yon klima taks sou pwopriyete ki pi favorab pou kwasans

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse nan kad rezilta Barèm Evalyasyon tè Agrikòl, ane pase agrikiltè yo toupatou nan eta te peye \$11 milyon mwens nan taks sou pwopriyete agrikòl. Gouvènè Cuomo te siyen an lwa nan dat oktòb 2013, lwa asire ke nenpòt ogmantasyon nan evalyasyon agrikòl la pa pral plis pase de pousan pa ane pou agrikiltè yo. Relye avèk barèm taks sou pwopriyete de pousan, agrikiltè New York yo kounye a ap pwofite de yon klima taks sou pwopriyete ki pi previzib. Previzyon sa pèmèt biznis kap pran desizyon entelijan yo nan ede ogmante pwodiktivite ak rantabilite sou fèm yo toupatou nan eta.

“Pwoteje fèm nou yo kont ajisteman dramataik nan valè evalyasyon agrikòl enpòtan pou asire ke endistri agrikòl New York ki nan elan kontinye pwospere,” Governor Cuomo te deklare. “Kontwòl sa a nan kwasans taks sou pwopriyete ap ede kèk nan moun nou yo kap travay pi di pou sipòte tèt yo ansanm avèk fanmi yo. Endistri agrikòl la se yon pati enpòtan nan ekonomi Eta, e pwogram sa a pral kontinye bay soulajman siyifikatif pou ede agrikiltè yo kenbe lajan yo travay di a nan pòch yo.”

Valè debaz evalyasyon pou tè agrikòl yo preske double sou peryòd sètan anvan Gouvènè Cuomo te aplike soulajman evalyasyon an, malgre yon plafon dis pousan sou kwasans evalyasyon anyèl. Pwojè Depatman Finans ak Taks plafon de pousan pral bay ankò plis avantaj pou agrikiltè yo nan 2015.

Komisyonè kap antre nan depatman Finans ak Taks la Kenneth Adams te deklare, “Plafon sou evalyasyon agrikòl sipòte yon endistri agrikòl toupatou nan New York ki enpòtan pou ekonomi lokal ak nan tout eta. Evalyasyon agrikòl ak plafon taks sou pwopriyete Gouvènè Cuomo ap pwoteje agrikiltè ak pwopriyete kay yo toupatou nan New York.”

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Nouvo lwa sa a, endistri a soutni, se yon egzanp pafè sou fason Gouvènè Cuomo ap travay avèk agrikilti New York pou l yon patnè nan siksè l. Eta nou an se kay plizyè milye pwodikèt agrikòl klas mondyal e nou gen anpil bagay pou nou fyè. Pandan tout ane mwen antanke agrikiltè, mwen ka di onètman ke pat janm gen yon pi bon relasyon ant agrikilti ak gouvènman eta pase jan li ye kounye a. Nouvo lwa sa a se prèv vivan de patenarya sa a.”

Prezidan Agrikilti Sena Senatè Patty Ritchie te deklare, “Lè li kesyon de agrikilti, taks sou tè yo se youn nan pi gwo depans agrikiltè yo pa renmen. Yo fè li pi difisil pou agrikiltè yo reyisi, diminye chans ke fèm yo pral rete pou pwochen jenerasyon an e kòm yon rezilta meanse avni fèm agrikòl la. Plafon sa bay agrikiltè yo plis sètitud, ede yo kontwole depans epi ajoute yon nouvo nivo pwoteksyon lè li kesyon pou prezève avni fèm familyal ak endistri sa kap pwospere nan New York.”

Mam Asanble Bill Magee, Prezidan Komite Agrikilti Asanble Sena te deklare, “Plafon evalyasyon agrikilti 2 pousan eta te ede limite taks sou pwopriyete sou tè agrikòl yo, espesyalman toupre zòn iben yo. Anvan plafon an, agrikiltè yo te souvan konfwonte a ogmantasyon ensoutenab nan fakti taks yo pandan ke teren avwazinan yo tap konstwi. Kounye a, yo gen estabilite nan fakti taks yo, sa ki pèmèt yo kenbe biznis yo epi ede kenbe peyizaj travay nou an vèt.”

Prezidan Biwo Fèm New York Dean Norton te deklare, “Plafon sou evalyasyon tè agrikòl la se yon gwo priyorite pou manm nou yo ki te konstate fakti taks yo tap monte anflèch akoz valè tè yo tap monte. Anretou, lajan yo te ekonomize kapab re-vesti nan fèm nou yo pou ede grandi ekonomi riral nou yo nan pati nò a ak nan Long Island. Nou apresye Gouvènè Cuomo paske lap travay avèk nou pou investi nan agrikilti New York epi akonpli yon epay ki enpòtan anpil.”

Agrikiltè letye Konte Genesee, Jeff Post te deklare, “Dirije yon fèm familyal se yon antrepriz ki koute, e se poutèt sa anons sa enpòtan anpil. Kontwole fakti taks mwen yo fè mwen jwenn plis lajan pou m depanse lòt kote nan fèm lan. Se inisyativ tankou sa ki pral ede kenbe tè agrikòl yo nan pwodiksyon epi sipòte pwochen jenerasyon agrikiltè yo kap chèche achte tè.”

Kiltivatè Legim Long Island Robert Nolan te deklare, “Tè nan Long Island anba presyon devlopman entans kòm valè pwopriyete yo ap ogmante. Lè nou kontwole evalyasyon tè agrikòl yo, New York te ede sovgade tè a pou itilizasyon agrikòl pandan anmenmtan lap diminye sou pousantaj taks kap monte. Se yon obligasyon pou kenbe agrikiltè tankou mwen menm sou tè a pou pwodui manje lokal, fre ki esansyèl pou kominote nou yo.”

Gouvènè Cuomo te fè kontwòl taks sou pwopriyete youn nan pigwo priyorite li, avèk premye plafon taks sou pwopriyete New York depoze fondasyon pou taks sou pwopriyete pi abòdab pou Nouyòkè yo. Ant 2000 ak 2011, taks sou pwopriyete te double nan New York. Kòm yon rezilta plafon taks sou pwopriyete Gouvènè a te entwoadi nan 2011, taks sou pwopriyete New York te gen yon pousantaj kwasans

mwayen de 2.2% pandan twa dènye ane ki sot pase yo, preske 60% mwens pase pousantaj kwasans 5.3% sou dizan ki sot pase yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418